KI JAN TI SALÈ DE BAZ AN AYITI KOUTE ANPIL

Yon Estimasyon 'Salè Pou Viv' Pou Travayè Sektè Tekstil Lan Nan Pòtoprens

SOLIDARITY CENTER
AFL-CIO

AVRIL 2019

Se Sant Solidarite (Centre Solidarité) ki pibliye dokiman sa nan mwa Avril 2019 lan

Remèsiman
Se gras ak travay san pran souf ak devouman ekip Sant Solidarite ann Ayiti ki fè nou te kapab mete kanpe rapò sa.

Otè (moun ki te ekri l): Lauren Stewart
Editè: Kate Conradt
Konsepsyon: Deepika Mehta

© Dwa dotè (Copyright) Sant Solidarite 2019 Tout dwa rezève.

Foto Kouvèti a:
Machann k ap vann pwodwi nan kominote andeyò Pòtoprens, ann Ayiti. Majorite travayè nan sektè tekstil lan achte pwodwi alimantè (manje) nan men machann k ap vann nan lari oswa nan mache yo, paske ti kòb y ap touche chak mwa a pa pèmèt yo achte nan makèt oswa lòt gwo magazen. Malgre sa plizyè ladan yo di se sèlman yon sèl fwa nan jounen an yo kapab manje—kivledi manje midi an. Gras a: Sant Solidarite/Lauren Stewart

KONTÈKS

Nan moman sa yo, Ayiti ap fè eksperyans yon kriz politik li poko janm viv nan istwa li pandan koripsyon blayi nèt ale nan tout rakwen peyi a—se konsa move kondisyon lavi fè gen manifestasyon tribò babò nan peyi a. Popilasyon an rive nan bout fache li sitou pou koze detounman fon « Petro-Caribe » yo ki plis pase 2 milya dola ameriken. « Petro-Caribe » se yon pwogram pwodwi petwolye ki sòti nan peyi Venezuela kote yo bay Ayiti gaz lan a yon pri redwi, yon fason pou pèmèt peyi a ta ka finanse pwojè sosyo pou popilasyon an. Plis pase yon douzèn gwo potanta nan Leta ak gouvènman ayisyen an, ansanm ak kèk gwo chèf antrepriz prive gen men yo tranpe nan gwo skandal sa (kote non yo site byen fò). Prezidan peyi a li menm tou enplike nan koze a—gen akizasyon ki pote kont li—se konsa gen plizyè sektè ki t ap mande demisyon li. Pandan Ayisyen ap toke kòn ak zafè detounman ak gaspiyaj lajan Leta ak enstabilite k ap vale teren, anpil moun gen difikilte pou yo rive nan fen mwa yo tank pri pwodwi yo ap monte, epi enflasyon ak depresyasyon lajan peyi a ki se goud lan. Anviwon 80% popilasyon ki ka travay lan (popilasyon aktiv) pa ka rantre nan strikti fòmèl travay la—pou sila yo k ap travay, salè yo ba anpil parapò a kou lavi an ki wo depase.[1] Ouvriye yo travay plis tan pou pi piti kòb paske pouvwa achte yo diminye.

Endistri sektè tekstil lan reprezante yonn nan ra sous ki bay travay fòmel an Ayiti. Sektè a pèmèt plis pase 52.000 ouvriye jwenn travay nan izin yo, majorite ladan yo se fanm.[2] Reprezantan sektè endistri sa prevwa yon kwasans adisyonèl nan zafè anplwa nan sektè a gras a avantaj ak privilèj komèsyal sektè tekstil lan jwi an Ayiti. Dapre lwa nan peyi Etazini ki rele Lwa HOPE II (Lwa pou ankouraje Patenarya—2008), ekspòtasyon ki ranpli kondisyon yo mande yo gen aksè a franchiz frè sou mache ameriken an, a kondisyon izin yo respekte prensip ak standa entènasyonal sou travay epi dwa travay sou teritwa nasyonal lan, pami lòt kritè.[3] Malgre ekzijans sa yo, "Better Work" Ayiti—ki se yon pwogram endepandan pou siveyans ak kontwòl k ap evalye regilyèman vyolasyon dwa andedan sektè a, kòm pa ekzanp move regleman nan salè ak avantaj sosyo travayè yo, vyolasyon nan zafè lasante ak sekirite, ka sou tizonnaj (asèlman) seksyèl ak represyon pou aktivite sendikal.[4] Mete sou move kondisyon travay yo, anpil travayè soufri grangou depi tout tan, paske sa yo touche a pa pèmèt yo peye pou yo manje kòmsadwa.

Salè minimòm nan ogmante ti kras pa ti kras depi ekzistans HOPE II, men revni travayè yo toujou pa kont.[5] Salè minimòm travayè sektè tekstil pou ekspòtasyon an se 420 goud pou yon jounen travay (anviwon 5.07 dollars),[6] kivledi li 4 fwa pi piti pase estimasyon kou lavi a.[7] Konsèy Siperyè sou Salè nan Peyi Dayiti, yon komisyon prezidan an nonmen ki gen ladan l reprezantan sendika, reprezantan antrepriz yo ak gouvènman an, avèk reskonsablite pou l diskite, negosye, epi fè prezidan an pwopozisyon pou ogmantasyon salè minimòm, chak ane. Men tou, sendika yo vinn fache pi plis chak jou pou jan yo wè Konsèy la ap mache, san transparans, kote travayè yo pa menm gen opòtinite pou chwazi pwòp reprezantan sendika pa yo ki pou ta defann enterè yo tout bon vre. Sendika ayisyen yo mande pou travayè yo resevwa yon salè desan ki pou ta pèmèt yo gen yon nivo lavi ki estanda, epi tou po yo sa pran swen fanmi yo ak tèt yo kòmsadwa. Konsa, peyi a ta gen woulman lajan—pwosperite ekonomik—ki esansyèl pou nou rive sòti nan kriz nou ye jodi a.

SALÈ MINIMÒM CHAK JOU TRAVAYÈ SEKTÈ TEKSTIL YO KAT FWA PI PITI PASE KOU LAVI AN, SELON ESTIMASYON YO.

METODOLOJI ANKÈT LA

Sant Solidarite te seleksyone yon apwòch miks pou l rive evalye kou lavi ouvriye sektè tekstil la nan Pòtoprens, an Ayiti. Depi Sektanm 2018 rive nan mwa Mas 2019, yon ekip twa anketè ap ranmase epi analize enfòmasyon (done) sou pri pwodwi ak sèvis pou yon 'panye machandiz' nan kontèks lokal yo.[8] Konsòsyòm Dwa Travayè (Consortium des Droits du Travailleur-WRC) te fè travay sa yon premye fwa kote yo te tabli sa yo rele yon panye machandiz nan lane 2008 nan yon evalyasyon kou lavi travayè nan endistri rad yo (endistri tekstil), nan vill fwontyè Wanament an Ayiti.

Ekip lan te gen twa moun ladan l—yo te ekzamine pri yo atravè kominote kote majorite travayè sektè tekstil lan t ap viv, sètadi Dèlma, Laplèn, Petyonvil, Taba, anba lavil Pòtoprens ak zòn aryopò toupre Pak Endistriyèl Metropoliten an. Nan limit sa ki posib, anketè yo te chèche senk pwofòma pri pou chak depans, nan men machann ak founisè pwodwi ak sèvis yo dirèkteman.

Apre pwosesis kolèk done yo (ranmase enfòmasyon) sou teren an, Sant Solidarite te kalkile kou mwayen chak kategori depans. Nan ka kote pri yo te 2 fwa plis oswa 2 fwa pi piti pase sa yo te jwenn nan evalyasyon 'salè pou viv' Sant Solidarite te reyalize nan lane 2014 lan, anketè yo te fè yon dezyèm tou ankèt pou asire yo done yo te valid.

Pou yon pi bon verifikasyon toujou, Sant Solidarite te verifye done yo pa mwayen yon twazyèm sous enfòmasyon (sa yo rele triyangilasyon) ak 2 diskisyon fokis gwoup ki gen sèz travayè sektè tekstil lan ki te pale anketè yo sa yo depanse pou divès kategori depans ki te tabli, ak lòt bon jan enfòmasyon kalitativ.

Dapre metodoloji inisyal ki te itilize nan kòmansman evalyasyon an, paske se sou li Sant Solidarite te baze premye evalyasyon 'salè pou viv' li te reyalize a (2010 et 2014), nou te itilize done kantitativ pou kalkile depans de baz chak mwa pou yon fanmi twa moun (ki se yon granmoun k ap touche yon salè ak 2 timoun minè ki gen 8 a 14 zan). Men tou, li enpòtan pou note endis sentetik fekondite nan peyi Dayiti kounye a se 2.66 timoun pou chak fanm ki gen laj pou l fè pitit.[9] Paske pa gen opòtinite anplwa fòmèl, sa vledi gen kèk fanmi ki gen yon sèl moun ladan yo ki nan travay e k ap touche yon salè.

Pri sa yo nou wè la kalkile yon fason pwopòsyonèl pou reflete depans reyèl yo pou chak mwa.

KATEGORI DEPANS YO

'Panye machandiz' lan gen ladan l plizyè pwodwi ak sèvis ki montre divès kategori depans sa yo: lojman (kay pou rete), enèji, manje, rad, swen lasante, edikasyon, transpò ak kominikasyon, ak lajan tou pou fè epay (ekonomi) ak divès lòt depans ki parèt chak yon lè. Men yon deskripsyon chak kategori yo:

Lojman (Kay pou yo rete): Zafè achte kay oswa pwopriyete, se pa bagay ki posib pou gwo majorite ouvriye k ap travay nan sektè tekstil Pòtoprens. Patisipan nan fokis gwoup yo te di nou yo lwe ti kay an siman, souvan ki pa byen fèt, yo pa gen tiyo plonbri pou dlo ak twalèt andedan kay la. Kèk travayè te di nou tou, paske yo oblije pataje lwaye a ant plizyè moun, sa vinn fè gen twòp moun pou espas kay lan. Gen lòt ki te deklare yo pat kapab pèmèt yo achte mèb mete nan tout kay la, sinon se mèb pèpè ki meyè mache yo oblije achte.

Kategori 'lojman' an gen ladan l kòb lwaye pou yon ti kay 2 chanm a kouche, yon kizin, yon ti salon ak yon twalèt. Nou jwenn tou nan kategori sa dlo ki pa pou bwè—dlo pou netwaye, benyen—fanmi yo achte dlo sa plizyè fwa nan semèn nan, yo mache a pye al chèche l. Nan kategori lojman, nou jwenn tou 2 kabann 'queen' ak tout drap epi zòrye, yon tab ak 4 chèz, yon amwa, yon sofa, yon radyo, istansil de baz pou kwizin, vesèl ak pwodwi netwayaj. Nou te jwenn pri mèb yo ak aparèy elektwomenaje yo nan lari paske souvan ouvriye yo pa ka ale nan gwo magazen pou y al achte—pri yo twò wo pou yo.

Enèji: Depi digdantan pwoblèm enèji (kouran ak lòt sous) se yon gwo pwoblèm nan peyi Dayiti. Koze a vinn pi grav toujou depi peyi Venezuela te kanpe pwogram vann Ayiti petwòl (gaz) nan pri bon mache. Anvan peryòd gwo dezòd yo nan peyi a, Pòtoprens te konn resevwa pi piti pase 20 èdtan kouran chak jou.[10] Kounye a menm ak asistans pwogram" Petro Caribe" a ki pa la ankò, popilasyon an preske pa gen kouran, blakawout la dire plis, kèk fwa li fè plizyè jou, pwodwi petwolye yo (gaz elatriye) vinn pi ra epi yo pi chè. Ogmantasyon pri sa yo gen yon enpak patikilye sou lajan travayè yo gen pou peye pou transpò ak manje. Pri kouran monte tou se vre, men anpil travayè jwenn yon fason pou yo pran yon liy kouran ak plizyè lòt nan katye yo, konsa yo peye yon sèl bòdwo ki reprezante yon monnen pou chak kay. Kivledi yo gen yon sikwi kouran kolektif yo pataje ak vwazen yo. Se pou tèt sa, nan kategori enèji a nou jwenn sèlman depans chabon ki se prensipal sous enèji ouvriye k ap travay nan sektè tekstil lan itilize.

Anviwon 90 pou san popilasyon Pòtoprens lan sèvi ak chabon bwa oswa bwa senpman pou prepare manje.[11] Gaz pwopan nan reprezante yon lòt opsyon pou kwit manje (li pi efikas nan zafè jesyon anviwonman an) men majorite travayè nan sektè tekstil lan pa gen mwayen pou yo peye kou inisyal la—savledi achte fou ak tout akseswa yo, plis bonbòn gaz lan. Se konsa yo oblije fè ti depans de tanzantan, achte ti sak chabon plizyè fwa an yon semèn. Gen posiblite achte pi gwo sak chabon k ap dire pi lontan epi ki pi ekonomik, men la ankò li difisil pou travayè yo jwenn lajan pou yo achte premye gwo sak chabon sa.

Manje: Chwa aliman yo ak kantite ki mache avèk yo baze sou yon rejim alimantè lokal ki pote kont kalori pou kò a (minimòm 2200 kalori pou yon jou) epi ki satisfè bezwen fondamantal yo nan zafè manje dapre estanda Oganizasyon Nasyon Zini pou Alimantasyon ak Agrikilti (FAO) te tabli.

Majorite ouvriye nan sektè tekstil lan pa gen mwayen pou yo peye pou pwodwi nan makèt paske pri yo twò chè, se sa k fè yo achte pwodwi alimantè yo pito nan men machann endepandan k ap vann nan lari oswa nan mache piblik yo. Anketè yo te vizite plizyè mache pou yo pran pri pwodwi yo. Se konsa yo te rive detèmine kou pwodwi yo gras a yon 'nechèl' ki te ede yo tabli liv lan kòm mezi.

Kategori 'manje' an gen ladan l tout pwodwi alimantè ouvriye yo achte sou mache lokal yo, men tou depans yo fè pou achte dlo pou bwè ak manje midi travayè yo achte andedan izin nan oswa nan men machann toupre travay yo. Manje midi sa dabitid gen ladan l diri ak pwa epi yon moso poul. Kèk travayè te menm di nou gen de fwa se sèl sa yo te ka manje pou jounen an.

Abiman/Rad: Depans pou rad gen ladan yo twa ansanm konplè rad ak de pè soulye pou ane a pou yon grandèt ak de timoun. Anpil nan travayè yo oblije achte rad nan pèpè—kivledi rad moun mete deja—nan men machann nan lari a k ap vann yo.

Swen Lasante: Dapre lalwa patwon yo gen obligasyon pou yo dedwi sou salè de baz travayè yo yon valè twa pou san pou yo voye peye nan OFATMA (ki se Asirans kont aksidan travay, maladi ak matènite). Men sepandan, Better Work Ayiti te rapòte aklè, sistematikman, pou tout antrepriz yo, yo pa t respekte ekzijans legal sa. Yo te wè gen plizyè izin ki pa t anrejistre nan OFATMA epi tou ki pa t fè dediksyon sou salè ouvriye yo pou yo voye kontribisyon yo nan biwo OFATMA. Se konsa, anpil travayè nan sektè tekstil lan pa gen aksè—pa ka benefisye—sèvis lasante nan etablisman ki afilye a OFATMA yo pou resevwa swen de baz yo. Pami sila yo ki benefisye swen sa yo, anpil ladan yo kritike kalite ak efikasite sèvis yo. Andeyò OFATMA, gen kèk travayè ki gen aksè a sant medikal ki resevwa sibvansyon gouvènman an oswa òganizasyon non gouvènmantal (ONG).

Sizanka travayè yo dwe chèchè swen spesyalize nan klinik prive oswa sèvis ak founiti asirans lan pa rekonèt, se yo menm ki pou fè depans sa yo—depans sa yo tou tonbe nan kategori swen lasante. Nan depans sa yo nou jwenn vizit kay doktè, tès ak analiz laboratwa, linèt pou wè pi byen, medikaman doktè preskri oswa medikaman yo ka achte san preskripsyon. Kategori sa gen ladan l tou depans ki gen arevwa ak gwosès epi akouchman (yo konsidere 1 ka sou 5 se sezaryèn). Preske tout patisipan nan fokis gwoup yo te deklare yo pa ka pèmèt yo al kay dantis ni achte linèt.

Edikasyon: Nan depans pou edikasyon nou jwenn lajan ki peye pou lekòl prive pou de timoun (1 nan primè, 1 nan segondè). Malgre manman lwa peyi a (Konstitisyon 1987 lan) prevwa edikasyon piblik gratis, plis pase 85 pou san elèv yo frekante lekòl prive oswa lekòl òganizasyon / misyon / legliz, akòz gouvènman an manke resous pou satisfè bezwen edikasyon piblik sou teritwa a.[12]

Kategori 'edikasyon' an gen ladan l ekolaj pou lekòl prive, inifòm ki obligatwa, liv, founiti klasik ak transpò aleretou pou elèv lan. Dabitid paran yo akonpaye timoun ki pi piti yo lekòl (aleretou), nan ka sa yo frè transpò ki gen arevwa ak edikasyon, vinn ogmante. Sizanka fanmi yo pa ka peye frè transpò yo, timoun yo bije mache apye pou yo al lekòl epi retounen lakay yo—savledi yo mache plizyè kilomèt kote wout yo plen machinn ak moun.

Kategori 'Edikasyon' an gen ladan l tou kou siveyans timoun piti yo (pandan tan yo lekòl la), kidonk evalyasyon sa pa enkli depans pou gade timoun piti (peye yon gadò pou yo). Si yonn nan timoun ki sou reskonsablite travayè a poko gen laj pou l ale lekòl primè, nou kapab mete nan depans edikasyon yo frè ki gen arevwa ak gad timoun sa yo.

Transpò: Nan kategori 'transpò' a nou jwenn kòb pou pran machinn piblik (kamyonèt/*tap tap*,[13] taksi moto oswa bis) aleretou pou al travay epi ale achte nan mache. Kategori sa enkli trajè aleretou nan bis pou yon grandèt ak de timoun pou ale wè fanmi yo nan lòt komin oswa lòt vil, chak ane. Sizanka travayè yo pa gen mwayen pou peye frè transpò yo, yo bije mache apye pou y ale travay nan izin nan epi retounen lakay yo.

Kominikasyon: Selon kòmantè travayè yo nan gwoup diskisyon (fokis gwoup) yo, Sant Solidarite te ajoute yon kategori ki rele 'Kominikasyon' nan evalyasyon salè minomòm pou viv la, an 2019. Nan kategori sa nou jwenn depans pou yon selilè, ak plan standa pou pale nan telefòn epi konsilte done sou entènèt (*plan de base 'voix et données'*).

Epay/Ekonomi ak lòt Depans Tanzantan: Lè nou finn kalkile kou lavi a sou baz kategori nou sòt wè yo, nou ajoute yon pousantaj anplis, kise 10%, pou epay (7.5%) ak lòt depans tanzantan (2.5%). Epay lan la pou lè gen ijans ak depans enpòtan ki ta ka gen pou fèt alavni. Depans sa yo reprezante depans ki gen pou fèt tanzantan tankou aktivite legliz (pratik lafwa), etid inivèsitè ak lwazi.

Patisipan fokis gwoup yo deklare yo pa gen kont labank paske salè yo two piti pou yo fè ekonomi/epay. Apre yo finn touche yon chèk se tann y ap tann lòt la. Lè travayè yo gen pou yo fè yon gwo depans, nan yon okazyon spesyal—tankou maryaj yonn nan pitit yo—kèk ladan yo patisipe nan sa yo rele yon 'men sòl'. Se yon mwayen pou yo jwenn yon bon kach gras a yon fon yo tout kontribye ansanm—kote chak moun peye chak mwa menm valè lajan an epi chak mwa yon moun touche kòb sa ki reyini a, jiskaske tout moun finn touche. Jeneralman nan gwoup 'men sòl' sa yo, nou jwenn manm fanmi yo, zanmi, kòlèg travay oswa manm kominote kote y ap viv. Gen lòt tou ki chèche fè travay siplemantè (kivledi trravay anplis tan travay nòmal lan) kote yo konn travay sèt jou nan semèn nan san pran souf, oswa travay lannwit pou yo sa rantre yon kòb anplis. Nan lane 2018 lan gouvènman an te modifye lwa travay lan kote yo mete salè èdtan siplemantè yo a 1.5 fwa salè nòmal lan—olye pou l ta 2 fwa plis—pou tout travay ki fèt pandan lannwit.

PRENSIPAL KONKLIZYON (Sa Ankèt Lan Pèmèt Nou Konstate)

Selon rezilta ankèt lan, Sant Solidarite te estime kou de baz lavi a pou yon travayè nan sektè tekstil lan a 45,517 goud pa mwa (anviwon $549.19 US).

- Sou baz yon semèn travay nòmal ki gen 48 tè ladan l, travayè yo ta dwe touche pou pi piti 1,750 goud pa jou (anviwon $21.21) pou yo satisfè bezwen yo epi pran swen fanmi yo.
- Kou lavi a 4 fwa plis pase salè minimòm lan epi li ogmante de 74% depi dènye evalyasyon Sant Solidarite te fè nan lane 2014.
- Sou baz salè minimòm kounye a, gen plis pase mwatye salè travayè yo (55%) ki depanse nan transpò aleretou pou y al travay ak yon manje midi byen senp pou yo ka jwenn fòs pou yo travay.[14]

REKÒMANDASYON (Sa Nou Ta Dwe Fè)

Gouvènman Ayisyen an dwe asire l travayè yo touche salè ki desan (kivledi ki pèmèt yo viv byen) pou yo kapab pran swen bezwen yo ak bezwen fanmi yo kòmsadwa. Lè travayè yo gen mwayen pou yo satisfè bezwen fondalnatal yo, gen yon seri pwoblèm ki mache ak yo k ap jwenn solisyon la pou la. Lè yon mou nap touche yon salè ki desan sa gen posiblite pou kreye sa yo rele yon 'zèfè miltiplikatè' pozitif ki pra l pèmèt: redwi lamizè ak depandans moun parapò a èd ki sòti lòt kote; afebli faktè ki ensite moun kite peyi a epi ki kontribye a yon fenomèn migrasyon ki se yon gwo danje pou peyi a; yon patisipasyon pi djanm nan ekonomi fòmèl lan; epi jenere resèt fiskal pou finanse gwo pwojè enfrastrikti ak sèvis piblik yo.

Pou rive reyalize pwogrè sa yo, Sant Solidarite rekòmande pran mezi sa yo:

- Gouvènman Ayisyen an dwe ogmante salè minimòm nan pou l vinn yon salè pou viv (li ta anviwon 1.750 goud pa jou).
- Gouvènman Ayisyen an dwe pèmèt travayè yo chwazi yo menm reprezantan yo onivo Konsèy Siperyè tripatit lan sou zafè Salè.
- Gouvènman Ayisyen an dwe asire l dwa travayè yo pou yo met tèt yo ansanm jan yo vle ak negosye sou baz kolektif (droits à la liberté d'association et aux négociations collectives) respekte tout bon, yon fason pou travayè yo gen kapasite pou yo negosye ogmantasyon salè ak kondisyon travay ki pi bon ak anplwayè yo (patwon yo).
- Gouvènman Ayisyen an dwe veye pou anplwayè yo peye travayè yo kòmsadwa, jan lalwa mande l la, epi tou peye kotizasyon OFATMA ak ONA pou travayè yo korèkteman.[15]
- Gouvènman Ayisyen an dwe amelyore sèvis OFATMA yo ak kalite swen yo bay, pou redwi kou swen lasante travayè tekstil yo bije al chèche nan prive.
- Anplwayè yo dwen patisipe nan depans ki gen arevwa ak travay la, tankou transpò ak manje midi.
- Anplwayè yo dwe tabli yon kota prodiksyon ki rezonab epi ki standa, yon fason pou pèmèt travayè yo fè yon lajan an plis sou salè minimòm yo touche a, depi yo ka travay pou rive atenn kota yo mande a.

Ouvriye sektè tekstil lan vinn pa ka reponn a nesesite de baz yo, paske gen yon twò gwo diferans ant salè minimòm nan ak kou lavi a. Lè nou te mande yo kisa yo ta vle achte si yo t ap touche yon bon salè (yon revni ki kont yo), men sa laplipa nan yo te reponn:

- **BATI OSWA ACHTE YON KAY**
- **KONSAKRE PLIS RESOUS (METE PLIS LAJAN LADAN) EDIKASYON PITIT YO**
- **ENVESTI NAN YON TI ANTREPRIZ (KÒMKWA FÈ KÒB LAN TRAVAY).**

PRI DE BAZ POU VIV NAN PÒTOPRENS

(Septanm 2018–Mas 2019)

LOJMAN (KAY POU YO RETE)	**Kou Pou Chak Inite** (an Goud)	**Inite Mezi**	**Kantite/ Chak Kilè Yo Ranplase Yo**	**Mwayen Pou Chak Mwa** (an Goud)
Lwaye (2 chanm a kouche, salon, kizin ak twalèt)	82,000.00	ane	chak ane	5,125.00
Dlo (ki pa pou bwè)	11.25	veso 5-galon	60, veso 5-galon	506.25
Materyèl pou netwayaj kay (dezenfektan ak fab pou lave asyèt)	241.43	yon je pwodwi	chak mwa	181.07
Tout sa ki konsène kabann (dra, zòrye, sak zorye)	882.15	yon je dra pou kabann 'Queen'	2 je dra pou yon ane	110.27
Kabann 'Queen' (ak tout matla, somye ak tèt kabann)	8,500.00	yon kabann 'Queen'	2 kabann chak 10 zan	106.25
Po ak kaswòl oswa chodyè (4-6 inite)	1,636.67	yon je istansil	1 je istansil chak 2 zan	51.15
Tab ak 4 chèz	6,000.00	tab	1 je chak 10 zan	37.50
Asyèt (ak tout vè epi kouvè) (4-6 inite)	1,178.57	yon je kouvè	1 je chak 2 zan	36.83
Radyo	2,500.00	radyo	1 radyo chak 5 an	31.25
Plaka oswa komòd (pou mete rad yo)	2,500.00	plaka	1 plaka chak 5 an	31.25
Lòt kalte chèz (divan/ban)	1,166.67	divan/ban	1 divan chak 10 zan	7.29
Soutotal Lojman				**6,224.11**

ENÈJI	**Kou Pou Chak Inite** (an Goud)	**Inite Mezi**	**Kantite/ Chak Kilè Yo Ranplase Yo**	**Mwayen Pou Chak Mwa** (an Goud)
Chabon pou kwit manje	104.46	yon ti sak	1 sak ti chak jou	2,383.35
Soutotal Enèji				**2,383.35**

MANJE	Kou Pou Chak Inite (an Goud)	Inite Mezi	Kantite/ Chak Kilè Yo Ranplase Yo	Mwayen Pou Chak Mwa (an Goud)
Manje midi (lunch) nan izin nan / toupre izin nan	108.33	yon 'manje midi'	26.00	2,816.67
Diri	40.00	yon liv	45.74	1,829.60
Pen	25.00	yon sachè pen	70.80	1,770.00
Poul	95.00	yon liv	11.70	1,111.50
Bannann	35.00	yon liv	30.09	1,053.15
Fig	140.00	yon liv	4.03	564.20
Ze	136.00	douzèn	4.03	548.08
Mango	50.00	yon liv	10.09	504.50
Dlo pou bwè	40.00	yon veso 5-galon	16, veso 5 galon	480.00
Pwa frans (petits pois)	83.00	yon ti bwat	5.00	415.00
Pwa (wouj, nwa, bè)	93.00	yon liv	4.32	401.76
Epis / Asezonman	20.00	yon pakè	20.00	400.00
Kokoye	95.00	yon liv	4.00	380.00
Zaboka	38.00	yon liv	9.65	366.70
Sitwon	100.00	yon liv	3.03	303.00
Zoranj	50.00	yon liv	6.05	302.50
Pòmdetè	50.00	yon liv	6.05	302.50
Kawòt	70.00	yon liv	4.03	282.10
Kafe	18.00	yon sachè kafe	15.00	270.00
Papay	37.17	yon liv	6.05	224.86
Anana	72.00	yon liv	3.03	218.16
Patat (dous)	36.00	yon liv	6.05	217.80
Zonyon	70.00	yon liv	3.05	213.50
Lay	162.00	yon liv	1.05	170.10
Chou	26.92	yon liv	6.05	162.88
Sik	40.00	yon liv	4.03	161.20
Salami / Sosison	50.00	yon liv	3.03	151.50
Spageti / Makaroni	30.00	yon liv	4.50	135.00
Lèt	14.50	yon liv	5.17	74.97
Seleri	50.00	yon liv	1.05	52.50
Militon	14.13	yon liv	3.05	43.08
Lwil	128.00	yon liv	0.26	33.28
Sèl	14.00	yon liv	1.00	14.00
Soutotal Manje				**15,974.09**

RAD	Kou Pou Chak Inite (an Goud)	Inite Mezi	Kantite/ Chak Kilè Yo Ranplase Yo	Mwayen Pou Chak Mwa (an Goud)
Pou 1 granmoun (Adilt)				
Depans pou lesiv	1,100.00	mwa	chak mwa	1,100.00
Soulye	1,300.00	yon pè	2 pè chak ane	216.67
Pantalon/jip	625.00	yon pè	3 pè chak ane	156.25
Kòsaj pou sòti	460.00	chemiz	3 chemiz chak ane	115.00
Sandal plastik	1,000.00	yon pè	yon pè chak ane	83.33
Mayo	300.00	chemiz	3 chemiz chak ane	75.00
Pijama (rad pou dòmi)	500.00	yon je	1 je chak ane	41.67
Souvètman (kilòt, kalson/boksè, chemizèt, jipon)	100.00	yon pè	3 pè chak ane	25.00
Casquette/chapo	200.00	chapo	1 chapo chak ane	16.67
Chosèt	50.00	yon pè	3 pè chak ane	12.50
Pou 2 timoun				
Soulye	740.00	yon pè	2 pè chak ane / pou chak timoun	246.67
Chemiz	300.00	chemiz	3 chemiz chak ane / pou chak timoun	150.00
Pantalon/jip	250.00	yon pè	3 pè chak ane / pou chak timoun	125.00
Wòb / rad pou sòti	500.00	wòb/ rad pou sòti	1 chak ane / pou chak timoun	83.33
Sandal plastik	400.00	yon pè	1 pè chak ane / pou chak timoun	66.67
Souvètman (kilòt, kalson/boksè, chemizèt, jipon)	100.00	yon pè	3 pè chak ane / pou chak timoun	50.00
Chosèt	50.00	yon pè	3 pè chak ane / pou chak timoun	25.00
Soutotal Rad				**2,588.75**

SWEN LASANTE	Kou Pou Chak Inite (an Goud)	Inite Mezi	Kantite/ Chak Kilè Yo Ranplase Yo	Mwayen Pou Chak Mwa (an Goud)
Preskripsyon medikaman	1,000.00	mwa	chak mwa	1,000.00
Vizit kay Doktè (ak tès Laboratwa tou)	1,250.00	vizit	3 vizit chak ane / pou chak moun	937.50
Swen prenatal/frè matènite (9 vizit, vitamin/medikaman pou bay Manman fòs, ak akouchman)	34,750.00	yon gwosès	1 gwosès chak 5 an	579.17
Vizit kay Dantis	2,000.00	vizit	1 vizit chak ane / pou chak moun	500.00
Pwodwi swen pèsonèl (savon, pat dantifris, lòt pwodwi pou ijyèn fanm)	500.00	yon je	chak mwa	500.00
Linèt	8,900.00	yon pè	1 pè chak 2 zan	370.83
Medikaman ou ka achte san preskripsyon (grenn pou doulè & medikaman grip)	250.00	yon je	chak mwa	250.00
Materyèl pou premye swen/ pansman (bandaj & pwodwi pou sterilize)	125.00	yon je	chak mwa	125.00
Soutotal Swen Lasante				**4,262.50**

EDIKASYON (lekòl prive)	Kou Pou Chak Inite (an Goud)	Inite Mezi	Kantite/ Chak Kilè Yo Ranplase Yo	Mwayen Pou Chak Mwa (an Goud)
Lekòl primè (1 timoun)				
Frè transpò	75.00	aleretou	22 aleretou chak mwa	1,650.00
Ekolaj	1,330.00	mwa	10 mwa chak ane	1,108.33
Liv ak founiti klasik	1,820.00	yon je	chak ane	151.67
Inifòm	1,240.00	Inifòm	chak ane	103.33
Lekòl segondè (1 timoun)				
Ekolaj	1,749.99	mwa	12 mwa chak ane	1,749.99
Frè transpò	50.00	aleretou	22 aleretou chak mwa	1,100.00
Liv ak founiti klasik	3,830.00	yon je	chak ane	319.17
Inifòm	1,300.00	Inifòm	chak ane	108.33
Soutotal Edikasyon				**6,290.82**

TRANSPÒ	Kou Pou Chak Inite (an Goud)	Inite Mezi	Kantite/ Chak Kilè Yo Ranplase Yo	Mwayen Pou Chak Mwa (an Goud)
Transpò aleretou nan izin nan	100.00	1 aleretou	26 aleretou chak mwa	2,600.00
Transpò aleretou nan makèt lan	50.00	1 aleretou	1 aleretou chak semèn	216.67
Transpò aleretou nan peyi l (anpwovens)	690.00	1 aleretou	1 aleretou chak ane / pou 3 moun	172.50
Soutotal Transpò				**2,989.17**

KOMINIKASYON	Kou Pou Chak Inite (an Goud)	Inite Mezi	Kantite/ Chak Kilè Yo Ranplase Yo	Mwayen Pou Chak Mwa (an Goud)
Plan vwa (telefòn) / Done (Entènèt)	625.00	mwa	chak mwa	625.00
Telefòn selilè	1,500.00	telefòn	1 telefòn chak 3 zan	41.67
Soutotal Kominikasyon				**666.67**

REZIME DEPANS 2018-219	Mwayen Pou Chak Mwa (an Goud)
Manje	15,974.09
Edikasyon	6,290.82
Lojman	6,224.11
Swen Lasante	4,262.50
Rad	2,588.75
Transpò	2,989.17
Enèji	2,383.35
Kominikasyon	666.67
SOUTOTAL	41,379.45
Divès Depans (2.5% Soutotal lan)	1,034.49
Epay/Ekonomi (7.5% Soutotal lan)	3,103.46
TOTAL	**45,517.39**

Sou baz yon semèn travay standa ki gen ladan li 48 èdtan, travayè yo ta dwe touche 1,750 HTG (21.21 USD) pa jou pou yo fè fas a kou de baz lavi an. (45,517.39 HTG) x (12 mwa nan yon ane / 52 semèn nan yon ane / 6 jou travay pa semèn)
*Remak: Dapre metodoloji inisyal ki te itilize nan kòmansman evalyasyon an, Sant Solidarite sipoze anplis travayè sektè tekstil lan (ak 2 moun minè ki sou reskonsablite l), yon fanmi genyen andedan l yon lòt moun k ap travay epi ki reskonsab ¼ depans andedan kay lan (lwaye, enèji, dlo potab).

Endnotes

1 Gwoup Bank Mondyal (2015, Me). *Haiti: Towards a New Narrative - Systematic Country Diagnostic*, (Haiti: Vers un nouveau récit – Diagnostic Systématique du Pays) – disponib sou: http://documents.worldbank.org/curated/en/319651467986293030/pdf/97341-SCD-P150705-IDA-SecM2015-0130-IFC-SecM2015-0071-MIGA-SecM2015-0046-Box391466B-OUO-9.pdf.

2 Better Work Haiti. (2018, Oktòb). *Better Work Haiti: 17th Biannual Synthesis Report Under the HOPE II Legislation (*BW Haiti: 17e Rapport de Synthèse Bi-annuel dans le cadre de la Loi HOPE II*) - disponib sou*: https://betterwork.org/blog/portfolio/better-work-haiti-17th-biannual-synthesis-report-under-the-hope-ii-legislation/.

3 Standa entènasyonal Travay oswa Dwa Travayè ki rekonèt onivo entènasyonal, jan yo defini yo nan lwa HOPE II gen ladan yo: dwa asosyasyon, dwa pou òganize yo epi negosye kolektivman (nan tèt ansanm); entèdiksyon pou itilize tout fòm travay fòse oswa obligatwa; laj minimòm pou anplwaye timoun; ak kondisyon travay ki akseptab, nan sa ki konsène salè minimòm, lè travay, sekirite ak lasante nan travay. Gade 19 U.S.C. § 2703a(d)(1)(A)(vi).

4 Better Work Haiti. (2018, Oktòb). *Better Work Haiti: 17th Biannual Synthesis Report Under the HOPE II Legislation (*BW Haiti: 17e Rapport de Synthèse Bi-annuel dans le cadre de la Loi HOPE II*) - disponib sou*: https://betterwork.org/blog/portfolio/better-work-haiti-17th-biannual-synthesis-report-under-the-hope-ii-legislation/.

5 Nan ane 2008, salè minimòm chak jou pou endistri ekspòtasyon yo, ak sektè tekstil lan ladan l, te 70 goud pa jou an Ayiti. Avèk adopsyon nouvo lwa sou salè minimòm nan an 2009 ak ogmantasyon CSS lan te propoze, salè minimòm nan pase a 125 HTG an 2009, 150 HTG an 2010, 200 HTG an 2012, 225 HTG an 2014, 240 HTG an 2015, 300 HTG an 2016, 350 HTG an 2017 epi 420 HTG an 2018. Nan mwa Mas 2019 lan, Chanm Depite yo te vote yon ogmantasyon salè minimòm pou jounen travay la a 750 HTG, pou travayè sektè tekstil yo, men Sena a pat ko analize desizyon an, se konsa ogmantasyon sa pa t konsidere kòm yon lwa. Gade, Reprezantan Kòmès pou peyi Etazini. (2018). *2018 USTR Rapport Annuel sur la mise en oeuvre du programme d'Amélioration de l'Assistance Technique et d'Evaluation des Besoins de Conformité et de Correction (TAICNAR) et l'Evaluation de l'Eligibilité des Producteurs - disponib sou*: https://ustr.gov/sites/default/files/2018%20USTR%20Report%20Haiti%20HOPE%20II.PDF. Voir aussi, Ayiti- Politik: Salè minimòm revize, dapre lwa depite yo te vote (27 Mas 2019). *AyitiLibre*, disponib sou: https://www.haitilibre.com/en/news-27295-haiti-politic-revised-minimum-wages-according-to-the-bill-voted-by-the-deputies.html.

6 $1 USD : 82.88 goud ayisyen, 1 avril 2019

7 Arete prezidansyèl ki fikse Salè Minimòm nan – kòmanse 1er Oktòb 2018. (8 Oktòb 2018). *Le Moniteur*, disponib sou: https://www.haitilibre.com/docs/moniteur-18-salaire.pdf.

8 Kolèk done sou teren an pa t rive konplete, akòz manifestasyon tribò babò atravè Pòtoprens ki te kanpe pwosesis lan.

9 Central Intelligence Agency (CIA). (2018). 'World Factbook': Haiti, disponib soo: https://www.cia.gov/library/publications/the-world-factbook/geos/ha.html.

10 Export.gov. (14 Fevriye 2019). *Ayiti- Energie*, disponib sou: https://www.export.gov/article?id=Haiti-Energy.

11 U.S. Agency for International Development (USAID). (Mas 2017). Enfòmasyon sou Enèji (*Energy Fact Sheet)*, disponib sou: https://www.usaid.gov/sites/default/files/documents/1862/FINAL_Energy_Sector_Fact_Sheet_March_2017.pdf.

12 U.S. Agency for International Development (USAID). (Mas 2017).Enfòmasyon sou Edikasyon (E*ducation Fact Sheet)*, disponib sou:https://www.usaid.gov/sites/default/files/documents/1862/FINAL_EducationMarch2017.pdf.

13 Kamyonèt yo / '*tap taps'* se prive, pikòp ki kouvri pou transpòte pasaje sou trajè oswa sikwi spesifik.

14 Lalwa ekzije pou travayè sektè tekstil yo kontribye 3% nan salè de baz yo pou peye OFATMA, ak 6% salè de baz yo pou peye ONA (Office National d'Assurance Vieillesse/Pension). Se konsa, sou baz salè minimòm kounye a ki se 420 HTG pa jou, salè ki rete nan men travayè a vre, se 382.20 HTG. Anplwaye ki touche pi piti pase 120.000 HTG pa gen pou yo peye enpo sou revni yo – se nan kategori sa yo ouvriye sektè tekstil yo tonbe. Gade, Better Work Haiti. (2017). *Practical Guide - Haitian Labor Code (*Gid Pratik - Kòd Travay Ayisyen), disponib sou: https://www.centrengo.org/wp-content/uploads/2017/11/Labor-Law-English.pdf

15 Lalwa fè anplwayè yo obligasyon pou yo vèse nan OFATMA yon valè ki reprezante 3% salè minimòm de baz travayè a, epi 6% nan ONA (menm pousantaj kotizasyon anplwaye yo vèse). Ibid.

1130 Connecticut Ave., NW
Suite 800
Washington, DC 20036

Ann Kenbe Kontak!

www.solidaritycenter.org

solidaritycenter

SolidarityCntr